



# OKOURAN PLANIFYE PARE



**GID DEPATMAN SANTE PIBLIK SOU PREPRASYON POU SITIYASYON IJAN**

Ni fanmi w ni oumenm kapab prèt si ta gen ijans. *Monte nan [mass.gov/KnowPlanPrepare](https://www.mass.gov/KnowPlanPrepare)*





## PRÈT POU - PREPARASYON MOUN AK FANMI

Ou ka pase alaksyon nan preparasyon yon plan pou fanmi w pou sizoka ta gen katastwòf natirèl, blakawout ak lòt bagay. Kèlkeswa si wap swiv konsèy pou w rete lakay ou nan yon lokal sekou oubyen kite kay ou ak katye kote w rete a, se pou w enfòmè, fè plan alavans epi se pou w pare tou.

### Se pou w enfòmè:

Li enpòtan pou w kominike avèk fanmi w pou wè si tout moun oke. Tabli yon plan senp pou sizoka pa ta gen bon sèvis telefòn, tèks ak imel. Asire tout fanmi w gen pou yo rele menm moun lan ki swa andeyò zòn lan oswa nan lòt eta peyi a pou moun sa okouran tout sa k ap rive ni oumenm ni fanmi w.

Anrejistre pou w resevwa avètisman nan sitiyasyon ijan epi konpoze 2-1-1 pou w jwenn enfòmasyon sou sèvis kritik sou sante ak moun ki disponib kote w rete a.

### Fè plan alavans:

Lè w ap fè plan pou ijans, pa bliye sa fanmi w bezwen pou sante yo, frajilite yo ak sa yo ka fè epi pa ka fè. Swake w ap rete alabri kote w ye a ouben w ap evakye pou w ale yon lòt kote, plan ke w fè a ap ede ni ou ni fanmi w rete an sekirite.

### Pare:

Tout kay fèt pou yo gen twous sekou pou sitiyasyon ijan pou moun kay la itilize depi ta gen yon ijans. Sere twous sa yon kote li p ap mouye e se pou l sere yon kote ki fasil pou pran l. Egzaminen twous la chak sis mwa pou idantifye epi ranplase bagay nan twous la ki ta ka gen ansyen dat sou li. Byennantadi gen kèk bagay ki fèt pou nan twous chak moun e sitou pou l gen bagay ki nesèsè pou bezwen fanmi w pèsònèlman.

## GEN KONSIDERASYON ESPESYAL POU MOUN KI GEN BEZWEN NI POU YO DEPLASE NI POU YO FONKSYONE

Chak moun gen bezwen ak kapasite ki pa menm kidonk plan preparasyon pou ijans fèt pou yo inik tou. Reflechi sou sitiyasyon pèsònèl ou pou l sa pi byen ede w fè preparasyon pou yon ijans. Si gen yon lòt moun k ap bezwen ou ede l avèk kominikasyon, swen medikal, transpò, sipèvizyon oubyen nenpòt lòt swen, tanpri pran mezi siplemanntè pou pwoteje ni ou ni moun lan.

### Plan daksyon pou fanmi w sizoka ta gen yon ijans

- Fè yon lis pou chak moun nan fanmi w pou yo konnen kilès pou yo rele e pa bliye mete nan lis la travay, lekòl ak nimewo selilè.
- Chwazi yon moun ki rete nan yon lòt eta peyi a ak yon lòt moun ki rete pre w pou fanmi w rele moun sa yo.
- Pare yon twous pou ijans.
- Egzaminen plan preparasyon pou ijans vil ou a.
- Pale ak fonksyonè sekirite piblik kote w rete a sou sistèm avètisman lokal ak kijan ou ka anresjitre pou w resevwa avètisman vil la.
- Fè yon plan evakyasyon epi chwazi yon kote pou fanmi m kontre ki pre lakay ou ak yon lòt kote ki andeyò katye kote w rete a.
- Mande lekòl pitit ou kisa yo fè lè gen yon ijans tankou kote y ap mennen elèv yo si yo gen pou yo evakye ak kijan lekòl la ap avèti w ak kijan w ap kontre ak pitit ou annapre.

**Moun pou rele si ta gen yon ijans:** (non, imel ak selilè)

Adrès: \_\_\_\_\_

Nan lòt eta nan peyi a: \_\_\_\_\_

**Adrès kote pou kontre:**

Pre lakay ou: \_\_\_\_\_

Nan lòt katye: \_\_\_\_\_

### Lis fanmi w sipoze rele si ta gen yon ijans

**Ranpli enfòmasyon sa yo pou chak fanmi epi mete l ajou depi gen nenpòt chanjman.**

**Non:** \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn selilè: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal ki enpòtan: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Non:** \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn selilè: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal ki enpòtan: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Non:** \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn selilè: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal ki enpòtan: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Non:** \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn selilè: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal ki enpòtan: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

**Non:** \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn selilè: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal ki enpòtan: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

### Make kote fanmi w ye pi souvan epi konnen plan pou swiv nan kote sa yo pou si ta gen yon ijans.

**Adrès Travay/Lekòl pou:** \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès lokal pou si ta gen evakyasyon: \_\_\_\_\_

**Adrès Travay/Lekòl pou:** \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès lokal pou si ta gen evakyasyon: \_\_\_\_\_

**Adrès Travay/Lekòl pou:** \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès lokal pou si ta gen evakyasyon: \_\_\_\_\_

**Adrès Travay/Lekòl pou:** \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Adrès lokal pou si ta gen evakyasyon: \_\_\_\_\_

### Twous pou ijans

Se pou chak fanmi gen yon twous ijans. Yon twous ijans ap genyen atik debaz pou sizoka pa gen dlo, kouran elektrik ak lòt sèvis fondamantal.

**Pou ransèyman siplemantè, ale nan [mass.gov/mema/ready](https://www.mass.gov/mema/ready).**

- Dlo nan boutèy (1 galon pa jou pou chak moun e pou yon total 3 jou)
- Manje nan bwat ak manje ki pa ka pouri
- Kle pou louvri bwat
- Radyo (ki mache avèk pil oubyen ke w remonte), avèk pil derechanj
- Flach oubyen fannal, avèk pil derechanj
- Twous sekou medikal
- Kouchèt, ti sèvyèt mouye, manje, lèt an poud, si w gen yon tibebe
- Manje, bagay, dokiman, kabann pou bèt domestik, si w gen bèt domestik
- Preskripsyon pou medikaman ak linèt
- Fotokopi dokiman ki enpòtan
- Siflèt pou kite moun konnen ou bezwen èd
- Sak kouchaj oubyen kouvèti (pou chak moun)
- Lòt rad ak soulye fèmèn (pou chak moun)
- Twaletri pèsònèl
- Alimèt nan resipyan ki enpèmeyab
- Kach oubyen travelers check

## RESOUS SIPLEMANTÈ

### Massachusetts Department of Public Health

Mass.gov/KnowPlanPrepare

### MA Responds

MAResponds.org

### Medical Reserve Corps of Massachusetts

MAMedicalreservecorps.org

### Massachusetts Emergency Management Agency

Mass.gov/mema/ready

### Federal Emergency Management Agency

Ready.gov

Listo.gov

### Mass211

Mass211.org